

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Sumber Data

Sumber data nya éta tempat, jalma atawa barang ngeunaan *variabel* anu ditalungtik. Sacara gurat badagna, sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta: jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*) (Arikunto, 2009: 99).

- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét;
- 2) Tempat (*place*), nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Tempat mangrupa objék pikeun métode obsérvasi;
- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi (Arikunto, 2006: 129).

Luyu jeung pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta data ti seniman Tarawangsa, hasil rekaman tina pintonan kasenian Tarawangsa di Désa Rancakalong, jeung data ti masarakat sabudeureun. Cindekna, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta grup Kasenian Tarawangsa “Pusaka Jati Rahayu”.

3.2 Désain Panalungtikan



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan kualitatif. Bogdan jeung Taylor (dina Muhammad, 2011: 19) nétélakeun, yén panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan nu hasilna data déskriptif mangrupa kekecapan tinulis atawa lisan tina tingkah polah jalma-jalma anu ditalungtik. Numutkeun jenisna, dina panalungtikan kualitatif aya anu disebut panalungtikan déskriptif. Panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan anu dilakukeun pikeun mariksa jeung ngukur gejala nu tangtu. Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan déskriptif. Dina ieu panalungtikan, landasan tiori dibutuhkeun tapi teu digunakeun salaku dasar pikeun nangtukeun kritéria pengukuran kana gejala anu ditalungtik (Fathoni, 2006: 97).

Satuluyna Danim (2002: 41) nétélakeun, yén panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan anu dilakukeun pikeun ngadéskripsikeun hiji kajadian atawa daérah populasi nu tangtu sarta mibanda sipat faktual sacara sistematis jeung akurat. Saluyu jeung pamanggih Suyatna (2002: 14), métode panalungtikan déskriptif nya éta panalungtikan anu mangrupa akumulasi data dasar ku cara déskriptif wungkul; teu nguji hipotésis, teu nyieun ramalan/prédiksi, atawa teu nyangking ma'na implikasi.

Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, panalungtik kudu maké métode panalungtikan anu cocog. Métode panalungtikan nya éta métode anu digunakeun nalika panalungtikan (Fathoni, 2006: 98). Satuluyna Arikunto (1996: 150) nétélakeun, yén métode panalungtikan téh nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Dumasar kana tujuan nu

hayang dihontal, métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Métode déskriptif nya éta métode anu digunakeun pikeun ngayakeun *pemeriksaan* jeung ngalakukeun *pengukuran-pengukuran* kana gejala émpirik anu ditalungtik (Fathoni, 2006: 100).

Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ajén falsafah nu aya dina kasenian Tarawangsa. Ieu panalungtikan museur kana prak-prakan, pakakas (*properti*), simbol-simbol dina prak-prakan, jeung pakakas anu digunakeun.

3.4 Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya éta “Ajén Falsafah Kasenian Tarawangsa Désa Rancakalong Kecamatan Rancakalong, Kabupatén Sumedang (Hiji Ulikan Semiotik)”. Sangkan aya gambaran, perlu dijéntrékeun wangenan operasional dina ieu panalungtikan, diantarana:

- 1) *Ajén falsafah* nya éta ajén, harga atawa pangaji anu dihasilkeun tina pamikiran anu ditéangan bebeneranana pikeun ngungkab hiji pasualan penting dina éta kasenian tarawangsa, misalna ajén falsafah nu aya patalina jeung agama, sosial (hirup kumbuh sapopoé), politik, jeung sajabana;
- 2) *Kasenian Tarawangsa*, nya éta salasahiji kasenian nu dipintonkeun dina upacara adat panén, pikeun ngahormat Déwi Sri (paré) kalawan Tarawangsa minangka waditra utamana (Ubun Kubarsah, 1994: 26).
- 3) *Sémiotik* nya éta sémiotik nya éta élmu ngeunaan tanda. Sémiotik ogé sok disebut sémiologi (*semiology*), asal kecap tina basa Yunani *semeion* anu

hartina tanda, mirip jeung istilah sémiotik Lyons (dina Pateda, 2001: 28). Peirce nétélakeun tilu unsur nu aya dina sémiotik nya éta ikon, indéks, jeung simbol (Pradopo, 1995: 120).

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan, nya éta téhnik telaah pustaka, téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

1) Téhnik Telaah Pustaka

Téhnik telaah pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun bahan-bahan tulisan pikeun néangan tur nangtukeun dasar-dasar tiori anu aya patalina jeung objék panalungtikan;

2) Téhnik Obsérvasi

Téhnik obsérvasi nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara *mengamati* sarta nyatet hasil tina obsérvasi (Fathoni, 2006: 104);

3) Téhnik Wawancara

Wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data ku cara prosés *tanya jawab* lisan saarah. Hartina pertanyaan ti pihak nu ngawawancara jeung jawaban ti pihak nu diwawancara (Fathoni, 2006: 105);

4) Téhnik Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngadokuméntasikeun kumaha prak-prakanana éta panalungtikan, jeung ngadokuméntasikeun naon waé anu ditalungtik ti mimiti nepi ka ahir.

3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat atawa cara anu digunakeun dina panalungtikan. Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta: kaméra *digital*, *handycam*, jeung pedoman wawancara.

1) Kaméra *Digital*

Kaméra digital digunakeun pikeun ngadokumentasikeun foto dina prak-prakan kasenian Tarawangsa di Désa Rancakalong;

2) *Handycam*

Handycam digunakeun pikeun ngarékam *vidio* prak-prakan kasenian Tarawangsa sarta ngumpulkeun data dina téhnik wawancara ka para seniman jeung aprésiator kasenian Tarawangsa di Désa Rancakalong;

3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para seniman kasenian Tarawangsa di Désa Rancakalong. Pertanyaan-pertanyaan anu aya dina pedoman wawancara nya éta:

- 1) Saha nami Bapa téh sareng kalungguhan dina grup kasenian Tarawangsa Pusaka Jati Rahayu salaku naon?
- 2) Kumaha sajarah Kasenian Tarawangsa di Désa Rancakalong?
- 3) Kumaha prak-prakan kasenian Tarawangsa grup Pusaka Jati Rahayu téh?
- 4) Naha aya ritual husus saacan prakna ieu kasenian?

- 5) Di mana digelarkeunna pintonan kasenian Tarawangsa? Naha di jero atawa di luar ruangan?
- 6) Saha waé anu bisa miluan jeung saha waé anu teu meunang miluan dina ieu kasenian?
- 7) Naon waé pakakas atawa *properti* anu digunakeun dina kasenian Tarawangsa grup Pusaka Jati Rahayu?
- 8) Saha waé seniman nu aya di grup Pusaka Jati Rahayu?
- 9) Simbol-simbol naon waé nu aya dina pakakas atawa *properti* kasenian Tarawangsa ieu?
- 10) Ajén falsafah naon waé nu aya dina kasenian Tarawangsa?
- 11) Ti iraha Bapa tiasa kana kasenian Tarawangsa? naha turunan ti sepuh atanapi tiasa nyalira?
- 12) Kumaha prosés *pewarisan* ieu kasenian kanggo ka payunna?

3.7 Analisis Data

Data nu geus dikumpulkeun tina hasil panalungtikan, satuluyna dianalisis maké métode déskriptif. Anu didéskripsikeunana nya éta déskripsi umum wewengkon Désa Rancakalong, prak-prakan kasenian Tarawangsa, pakakas anu dipaké, simbol-simbol nu aya dina prak-prakan jeung pakakas kasenian Tarawangsa, sarta ajén falsafah nu aya dina kasenian Tarawangsa grup “Pusaka Jati Rahayu”. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik telaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

3.8 Prosedur Panalungtikan

Prosedur dina ieu panalungtikan dibagi kana opat tahapan, nya éta:

- 1) Léngkah tatahar;
- 2) Léngkah ngumpulkeun data;
- 3) Léngkah ngolah data; jeung
- 4) Léngkah nyusun laporan.

3.8.1 Léngkah Tatahar

Léngkah mimiti dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Ngajukeun judul panalungtikan;
- 2) Ngumpulkeun sumber bahan kajian;
- 3) Nangtukeun masalah jeung objék panalungtikan;
- 4) Nyieun proposal panalungtikan;
- 5) Ngaréngsékeun surat ijin panalungtikan; jeung
- 6) Konsultasi ka Dosén pangaping.

3.8.2 Léngkah Ngumpulkeun Data

Léngkah pikeun ngumpulkeun data-data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) *Pengamatan* sarta ngumpulkeun data sacara obsérvasi langsung dina waktu aya pagelaran kasenian Tarawangsa di désa Rancakalong;
- 2) Ngadokuméntasikeun sarta ngainventarisir data nu aya di lapangan; jeung
- 3) Ngayakeun wawancara ka seniman jeung *aprésiator* kasenian Tarawangsa.

3.8.3 Léngkah Ngolah Data

Léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Mariksa sarta niténan data-data anu geus kakumpulkeun;
- 2) Milihan data nu kapaké pikeun nyusun laporan;
- 3) Nganalisis jeung ngadéskripsikeun data; jeung
- 4) Nyieun kacindekan tina data nu geus kapaluruh.

3.8.4 Léngkah Nyusun Laporan

Léngkah nyusun laporan mangrupa léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan sabada hasil panalungtikan dipasing-pasing jeung dianalisis tepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wangun déskriptif. Satuluyna ieu laporan disusun sacara sistematis dina wangun skripsi.